

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan bitadyèn-1,3. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

REZIME: Moun ekspoze nan bitadyèn-1,3 sitou lè yo respire lè ki kontamine. Yo te obsève efè li sou sistèm nève a ak iritasyon zye, nen ak gòj sou moun ki te respire lè ki kontamine avèk bitadyèn-1,3. Yo te jwenn bitadyèn-1,3 nan omwen 13 sou 1,699 chantye nan Lis ki Gen Priorite Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.

Kisa bitadyèn-1,3 ye?

Bitadyèn-1,3 se yon sibstans chimik ki fèt nan tretman petwòl. Se yon gaz san koulè epi ki gen yon odè modere tankou gazolin.

Yo itilize apeprè 60% bitadyèn-1,3 yo fè nan manifakti pou fè kawotchou sentetik. Yo itilize kawotchou sentetik anpil pou kawotchou ki nan vwati ak kamyon.

Yo itilize bitadyèn-1,3 tou pou fè plastik tankou akrilik. Yo jwenn ti kantite yo nan gazolin.

Kisa k ap pase bitadyèn-1,3 lè li antre nan anviwònman an?

- Li evapore vit nan lè a kòm gaz ki soti nan fuit pandan pwodiksyon, itilizasyon, konsèvasyon, transpò, oswa eliminasyon.
- Yo prevwa mwatye bitadyèn-1,3 ki antre nan lè a ap dekonpoze nan 6 èdtan.
- Li evapore vit anpil nan dlo ak nan tè.
- Paske li evapore tèlman fasil, yo pa prevwa y ap jwenn li nan dlo ak tè, men pa gen tè apwopriye ki disponib pou mezire kantite yo.
- Mikwo-òganis ki nan tè a dekonpoze bitadyèn-1,3.
- Yo pa prevwa l ap anpile nan pwason.

Kijan mwen ta ka ekspoze nan bitadyèn-1,3?

- Si ou respire lè lavil ak lè banlye, men anjeneral nivo lè sa yo ba anpil sof nan vil ki polye yo oswa ki toupre enstalasyon chimik, plastik ak kawotchou ki itilize li.
- Si ou respire lè ki kontamine nan espas travay kote yo fè oswa itilize li.
- Si ou respire lè kontamine ki soti nan lafimen vwati ak kamyon, ensinerasyon dechè, oswa dife bwa.
- Si ou respire lafimen sigarèt.
- Si ou bwè dlo kontamine ki toupre kote ki gen pwodiksyon oswa dechè.
- Si ou manse sa ki gen veso plastik oswa veso kawotchou ki gen manje, men anjeneral nivo yo ba anpil oswa yo pa prezan ditou.
- Si gazolin tonbe sou po kò ou epi si ou respire vapè gazolin, men nivo yo ba.

Kijan bitadyèn-1,3 kapab afekte sante mwen?

Sou bèt ki nan laboratwa, bitadyèn-1,3 lakòz anflamasyon tisi nazal yo, chanjman nan tisi poumon yo, tisi kè a ak tisi repwodiksyon yo, efè newolojik, ak chanjman nan san.

Kijan bitadyèn-1,3 kapab lakòz kansè?

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal [Department of Health and Human Services (DHHS)], Ajans Entènasyonal pou Rechèch sou Kansè [International Agency for Research on Cancer (IARC)], ak EPA detèmine bitadyèn-1,3 se yon sibstans chimik ki kapab lakòz moun gen kansè.

Bitadyèn-1,3

CAS # 106-99-0

Etid yo fè montre travayè ki ekspoze nan bitadyèn-1,3 ka pi arisk pou gen kansè san ak kansè sistèm lenfatik.

Etid yo fè sou bèt te montre ogmantasyon nan yon varyete kalite timè lè bèt yo te ekspoze nan bitadyèn-1,3.

Kijan bitadyèn-1,3 kapab afekte timoun yo?

Gen posiblite pou efè sou sante yo obsève sou timoun ki ekspoze nan gwo kantite bitadyèn-1,3 ap sanble avèk efè yo obsève sou adilt yo.

Nou pa konnen si lè moun ekspoze nan bitadyèn-1,3 sa ap lakòz malfòmasyon nan nesans oswa lòt efè devlòpmantal sou moun yo. Etid yo fè sou bèt te montre si bèt yo respire bitadyèn-1,3 pandan yo plenn sa kapab diminye gwosè fetis yo epi ogmante kantite malfòmasyon eskèlèt yo.

Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan bitadyèn-1,3?

- Pran prekosyon pou diminye nèt kantite lafimen y ap degaje andedan kay la pandan y ap boule bwa.
- Asire motè vwati yo etenn lè ou nan yon espas fèmèn tankou yon garaj.
- Diminye nèt kantite tan ou pase toupre zòn ki gen anpil machin k ap sikile epitou pa rete toupre wout ki gen anpil machin k ap sikile sou yo.
- Bitadyèn-1,3 se yon eleman lafimen tabak. Pa rete nan lafimen ki nan espas fèmèn tankou andedan kay oswa nan vwati pou pa kite timoun yo ak lòt fanmi yo ekspoze ladan twòp.

Èske gen yon tès medikal pou detèmine si mwen te ekspoze nan bitadyèn-1,3?

Pou kounye a, pa gen tès medikal yo fè konfyans pou detèmine si ou te ekspoze nan bitadyèn-1,3. Men, syantifik yo ap travay sou tès yo pou montre si bitadyèn-1,3 tache nan konpoze yo ki nan san an.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Administration (OSHA)] fikse yon limit 1 pati bitadyèn-1,3 pou chak milyon pati lè (1 ppm) pou moun ekspoze nan travay.

Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2012. Toxicological Profile for 1,3-Butadiene. Atlanta, GA: Department of Health and Human Services, Public Health Service.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.